# ZAMANAGÓY AKUSHERLIKTE QANTLI DIABETTIŃ AKTUALLIǴI

**Otepova Gulmiyra Sarsenbayevna**
**Qaraqalpaǵıstan Medicina Institutı**
**Akusherlik hám ginekologiya baǵdarı 2-kurs magistr talabası**
**https://doi.org/10.5281/zenodo.20151673**

**Abstrakt**

Bul tezista zamanagóy akusherlikte qantlı diabettiń tutqan ornı, onıń hámiledarlıq waqtındaǵı keri tásirleri talqılanadı. Házirgi waqıtta kóplegen somatik kesellikler akusherlik hámde perinatal asqınıwlardı keltirip shigaradı, sonıń ishinde qantlı diabet te . Sońǵı jıllar dawamında reproduktiv jastaǵı hayallarda bul keselliktiń artıwı qantlı diabetti aktual máselelerge aylandırdı.

**Tayanısh sózler:** Qaraqalpaqstan Respublikası, qantlı diabet, perinatal ólim, akusherlik asqınıwlar.

**Kirisiw**

Aynazarov Z.A. baqlawlarında Qaraqalpaqstan Respublikası boyınsha qantlı diabet 2022-j. jaǵdayına "D" esabında 16033 QD nawqası bolıp, bul úlken jastaǵı xalıqtıń ortasha 1,26% in quraydı, Qaraqalpaqstanda QD tıń tarqalıwınıń boljawı dizimge alınǵanınan 5 ese joqarı, Qaraqalpaqstanda "D" esabında 810 QD 1 tip nawqası bolıp, sonnan úlken jastaǵılar 532, balalar 213, jas óspirimler 65 ti quraydı. 2022-jılı "D" esaptaǵı QD 2 tip penen awırǵan nawqaslar sanı 15 223 adamdı quraydı. Bul kórsetkishler jıl sayın artıp barmaqta.[1:54]

QD tarqalıwınıń artıwı menen usı kesellik penen awırǵan reproduktiv jastaǵı hayallar sanınıń nızamlı kóbeyiwi júz beredi.

Barlıq endokrin kesellikler arasında QD hámiledarlıqtıń ótiwine eń unamsız tásir kórsetip, onıń asqınıwlarına alıp keledi, hámile rawajlanıwına hám jańa tuwılǵan náresteniń beyimlesiw imkaniyatlarına keri tásir kórsetedi. Bul toparda perinatal ólim hám jańa tuwılǵan balalardıń keselleniw kórsetkishleri joqarı bolıp , erte neonatal ólim bolsa uluwma populyaciyadaǵı sáykes kórsetkishten 3-4 márte joqarı. [3:19]

QD waqtında hámiledarlıqtıń eń kóp ushırasatuǵın asqınıwları bular:

- Preeklampsiya (60-70%);
- Plancetar jetispewshilik (shama menen 100%);
- kóp suwlılıq (70% ke shekem);
- múddetinen aldın tuwıw (25-60%);
- diabetik fetopatiya (44-83%);
- hámile rawajlanıwı anomaliyaları (9% ke shekem).[4:69]

QD hámiledarlarda tuwıw dáwirinde kelip shıǵatuǵın asqınıwlarǵa hámile suwlarınıń tuwıwǵa shekemgi tógiliwi, klinikalıq tar jambas, operaciya jolı menen tuwıw, múddetinen aldın tuwıw hám nátiyjede jańa tuwılǵan balanıń Apgar shkalası boyınsha 1 hám 5-minutlarda tómen bahası baqlanadı. [2:59]

Balalarda patologiyanıń payda bolıw múddetlerine qarap tómendegi túrleri ajıraladı:

1. diabetik embriofetopatiya - qantlı diabet penen awırǵan analardan tuwılǵan balalarda rawajlanatuǵın hám sırtqı fenotiplik kórinisler menen rawajlanıw nuqsanlarınıń xarakterli simptomlar kompleksin óz ishine alatuǵın klinikalıq-laboratoriyalıq kompleks. Patologiya jatır ishindegi ómiriniń 12-háptesine shekem qáliplesedi;

2. diabetik fetopatiya - qantlı diabet penen kesellengen analarda jatır ishindegi ómiriniń 12-háptesinen keyin hám tuwıw baslanıwına shekem payda bolatuǵın keselliklerdiń ulıwma atı.

AQSH analıq hám bala milliy izertlew institutınıń xabarlarına qaraǵanda, tiri balalar tuwılıwı menen tamamlanǵan hámiledarlıqtıń shama menen 4% inde qantlı diabet boladı. Olardıń 80 procenti - gestatsion qantlı diabet penen, 8 procenti - 2-tiptegi qantlı diabet penen hám 4 procenti - 1-tiptegi qantlı diabet penen kesellengen hayallar. Qantlı diabet penen awırǵan analardan hár jılı shama menen 50 mıń-150 mıńǵa shekem bala tuwıladı.[5:29]

**Juwmaq**

Joqarıda aytılǵan maǵlıwmat hám izertlewler hámledarlıqta QDtıń bolıwı joqarı jiyilikte akusherlik hám perinatal asqınıwlar menen associaciyalanıwın kórsetti.Bunda eń kóp ushırasatug’ın akusherlik keri tásirler:preeklamsiya hám plancetar jetispewshilik, al diabetik fetopatiya bolsa eń kóp ushırasatug’ın perinatal keri tásir ekenligi anıqlandı. Qaraqalpaqstan Respublikasında QD penen awırǵan nawqaslardıń turaqlı ósiwi bul mashqalanıń sociallıq-ekonomikalıq áhmiyetin tastıyıqlaydı. Bul qantlı diabette hámledarlıqtı hám tuwıwdı alıp barıw mashqalasın sheshiwdi aktual hám zárúrli etedi.

## Adabiyotlar, References, Литературы:

1. Айназарова З.А. и др. Сахарный диабет в Республике Каракалпакстан в 2022 году //Центрально- Азиатский эндокринологический журнал. –2023. – Т. 3. – №. 1. – С. 54-61.
2. Батрак Г.А., Батрак Н.В. «Течение беременности и родов у женщин с сахарным диабетом 2-го типа и ожирением» // Клинический разбор в общей медицине – 2024. – Т. 5. – №. 9. – С. 57-61.
3. Капустин Р. В., и др. Преждевременные роды у женщин с сахарным диабетом // Акушерство и женские болезни. – 2020. – Т. 69, № 1. – С. 17–26.
4. Петрухин В. А. Беременность и сахарный диабет // Акушерство и гинекология. – 2016. – №2(12). – С.68-76.
5. Харитовна Л. А. и др. Состояние здоровья детей, рожденных от матерей с сахарным диабетом // Российский вестник перинатологии и педиатрии. – 2018. – Т. 63, №3. – С. 26–31.